



Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 12 Kana ndikakukanganwa, iwe Jerusarema, ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe umhizha hwarwo -- MaPisarema 137:5 2018

Tingava Sei NaMwari Pakati Pedu

Na A. E. Reinschmidt

“Ndinokuudzai chokwadi kuti kana vaviri venyu mukabvumirana pane chamunokumbira kuna Baba vangu vari kudenga, muchachiitirwa. Nokuti panoungana vaviri kana vatatu venyu muzita rangu, neni ndiripowo pakati-pavo” (Mateo 18:19-20).

Hapanoi apo chokwadi chiri pachena-chena cheBhaibheri [Shoko raMwari] chinomonyaniswa navazhinji [zvikuu sei vadzidzi veBhaibheri]. Apo vadzidzi veBhaibheri vanoedza kubadurura zvokwadi yeShoko raMwari kuti iite seino dzidzisa zvinhu zviviri asi iyo ichingova dzidziso imwe chete. Somuenzaniso: Mumashoko enhunganyaya anoti *“kana vaviri venyu mukabvumirana,”* neaya anoti *“panoungana vaviri kana vatatu venyu muzita rangu,”* inongova pfungwa imwe chete iri kutevera mufungo mumwe nedonzvo rimwe chete. Izvi zvinoreva izvo kuti kuva *“pamwe chete kwavatendi”* kunoreva kuwiriranawo pemweya kwavatsvene. Kubatana pamweya ndeicho chakakosha pazvose, pakati pavatendi; uye chivimbiso chokuti, *“chose chamunokumbira kuna Baba vangu...muchachiitirwa”* hachinganzwiswi zvakazara kana pasina kuwedzererwa aya manzwi, *“neni ndiripowo pakati pavo.”*

Kanapo zvichiita sokunge pakatakurwa pfungwa mbiri mumavhesi maviri iwaya, chokwadi chiripo ndechokuti, pane pfungwa imwe chete: iyo iri yokuti pose pane kubatana kwavatendi pamweya, vangave vashoma sei [vaviri kana vatatu], Mwari Baba neMwanakomana vanovapowo kuzopindura minamoto neminyengetero yavo. Chivimbiso chokuti *“neni ndiripowo pakati pavo”* chinopihwa semhinduro kukuva pamwe chete kwavatendi, *“kana... mukabvumirana pane chamunokumbira kuna baba vangu,”* chivimbiso chogova chokuti *“muchachiitirwa.”*

Kuyanana Kunovaka Ugaro HwaMwari

Ko Ishe Jesu vanoda kuti tibatisise nokunzwisisa chii muaya manzwi *“... neni ndiripowo pakati pavo”*? Chokutanga: ari pakati pedu nemhaka yokuti isu savatendi tawirirana, tave vomwoyo nemweya mumwe chete, *“kana... mukabvumirana”* tave chinhu chimwe chete. Tsanganuro imwe cheteyo tinoiwana panaMaPisarema 133: *“Tarirai, zvakanaka uye zvinofadza sei kana hama dzichigara pamwe*

chete mukubatana...nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi.” Kuva pamwe chete paMweya savatendi kunovaka ugaro hwaMwari muMweya (VaEfeso 2:22). Nokuda kwechokwadi ichochi kubatana chinhu chakakosha muupenyu uye mukufambira mberi kweKereke yaKristu. Kupokana pakati pomunhu naMwari uye pakati pake nemumwe wake, sokurongwa kwazvaive zvakaitwa naMwari, ndiwo wakave mubairo wokutanga wechivi. [Ukama pakati pavaviri hwakava nechokuita kune wechitatu – Mwari. Nanhasi zvingori saizvozvo. Kukanganisika kwoukama pakati pedu kunokanganisawo kushanda kwaMwari pakati pedu.] Naizvozvo pakudzokera kwedu kunaMwari nguva dzose, kuwirirana navamwe uye naiye Mwari, ndeicho chakakosha pazvose, nokuda kwokuti ndeapo chete pane kubatana panopihwawo makomborero aMwari, *“nokuti ndipo pakaiswa kuropafadza kwaJehovha, ihwo upenyu husingaperi.”*

Kuva chinhu chimwe kunodzirisa upenyu hwedenga panyika, [kuda kwenyu ngakuitwe panyika sokudenga] uye saizvozvowo kupesana kwavatendi kunodururira marasha anopisaeGehenapakatipedu. MushokoraMwari kwakanyorwa kuchinzi: *“Vakaropafadzwa vanoyananisa nokuti vachanzi vana vaMwari”* (Mateo 5:9). Kune rumwewo rutivi zvigonzi izvo avo vanokonzera kupesana, vanoisa zvigumburiso pamberi pavamwe, vanopikisana nedzidziso yatakadzidza. Vakaturwa uye havana kukomborerwa. Tinofanira kuva kure navo! (VaRoma 16:17). Chinzwa zviri kurehwa neshoko raMwari pano. Avo vanodzirisa kuyanana vanotiunzira Mwari pakati pedu: avo vanogumbura nekupesana vamwe vanodzinga Mwari pakati pedu. Kuburutsira Mwari pakati pavanhu, chikomorerwa chikuru chatinokwanisa kuita tichiri pano pasi. Kudhiriza, kumaramara nokupesana vamwe, tichidzinga Mwari mutemberi yake huSatani husina mukare akamboona.

Ziva Kuvapo KwaMwari

Chechipiri: Ishe vanoda kuti tivaone kana vari pakati pedu, tokanda pamusoro pake kufunganya kwedu kwose nokuti iye anotichengeta (1 Petro 5:9). Kuva kwake pakati pedu kune chinangwa chikuru: kuzobatsira avo vanomupa nzvimbo pakati pavo *“neni ndiripowo pakati pavo.”* Ishe

vedu vachiri kutsika pane ino nyika, avo vaimupa pokugara nokurara vaiita basa guru kwazvo muumambo, nokuda kwokuti kunonzi izvo Mwanakomana woMunhu aiva asina pokutsamidzira musoro wake. *“Jesu akapindura achiti, Makava ane mwena yavo, shiri dzine matendere adzo, asi Mwanakomana woMunhu haana paangatsamidza musoro wake”* (Mateo 8:20). Avo vaimupa pokugara nokutsamidza musoro wake vakawana makomborero anopfachukira esimba rake uye nokukomborerwa kukuru.

Saizvozvowo, nanhasi avo vanomupa pokugara nokutsamidza musoro wake, mumweya, vanomuitira zvakanaka zvikuru uye navowo vanowana makomborero akapfuura ayo avaiwana Ishe achatsika rino pasi netsoka dzake. *“Jesu akapindura akati, ‘Kana munhu achindida achateerera kudzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari tigoita ugaro hwedu naye’”* (Johani 14:23). Chikuru chatinofanira kubatisisa ndechokuti manzwi aya ari kureva panguva ino yatiri kurarama. Ndozveva ikozvino pachinguvana chiripo pakati pokuenda kwake kudenga naapo paachazodzoka rwechipiri achizitora Kereke yake. Apa haasizve kungoreva chete chipo ChePendakosti [cheMweya Mutsvene] uyo wakavimbiswa kune avo vanotenda kwaari (Johani 7:39, Mabasa 2:38-39): ari kureva Jesu akamutswa kuvakafa anonogara pakati pevaviri vamugadzirira nzvimbo, nokuwirirana kwavo pamweya, kanapo vangave vari vashoma [vaviri kana vatatu] (Johani 17:21-23).

“Nokuti panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo.” Manzwi aya anoitiratidzazve kuti nemhaka yei Ishe vari pakati pavaviri kana vatatu. Vanofanira kuungana muzita rake, izvi zvichireva kuti mukuda kwake kwete kuda kwaava vaviri kana vatatu. Apawo zvichireva izvo kuti, nyaya yokuda kwedu inofanirwa kukandirwa kuresa nesu apo tinenge taungana muzita rake. Kutu vaviri ava vave chinhu chimwe chete [uye kuti Mwari ave pakati pavo] panofanira kuva nokuzviramba kwomumwe namumwe wavo, pasina kuzvikudza uye mukuzvininipisa achitarira kukuda kwomumwe wake: *“Ivai norudo rukuru mumwe kune mumwe savadikani. Mumwe nomumwe wenyu ngaakudze mumwe kupfuura kuzvikudza kwaanozviita iye”* (VaRoma 12:10). *“Musaita zvinhu nomwoyo wokuchiva kana wokuzvikudza, asi mukuzvininipisa muchionawo vamwe kuti vari nani kupfuura imi. Mumwe namumwe wenyu ngaarege kungotsvaga zvake chete, asi zvavamwewo”* (VaFiriipi 2:2-3).

Kana kuzvikudza kusiripo pakati pavatendi, huvepo hwamwari hunowanikwawo. Apa haisiri kureva kuti umunhu hahuvipo kwete, asi kuti kuzvikudza nokuzvida kunenge kwarasirwa kure, zita raJesu rova iro rinotonga. Mwari havatongi apo pari kutongwa nokuzvikudza uye nokuzvida. Kuzvikudza, kuzvida, kunofanira kurasirwa kure, *“vaviri kana vatatu”* vasati vaungana muzita rake. Kutu Mwari vadurure makomborero avo, pakati pavatendi, kuwirirana kunofanira kuva chisikwa chokutanga.

Tisakanganwe kuti icho chinokwevera Mweya Mutsvene pakati pedu kuwirirana nokuyanana pakati pedu savatendi. Kuzvida nokuzvikudza kunobviswa uye hakushandi. Kuzvida kunenge kuri matiri kana tichingogumburwa-gumburwa nezvinhu zvisina kana maturo. Kuzvida kuri matiri kana tichingowisirwa pasi nezvenyika ino uye nokuda kwayo. Kuzvikudza kwose kuri matiri kana kunyengerera kuri kutonga matiri pane kuti tive vanokuzvininipisa.

Mwari vanowanikwa chete apo pasina kuzvikudza uye apo Kristu nezita ravo rinokudzwa nekurumbidzwa. Ishe Jesu pavanoti *“Panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu, neni ndiripowo pakati pavo,”* vari kufunga nezvevaviri kana vatatu vanenge vasiya zvose kuzomutevera. Izvi zvichizokwanisira kuva kwavo temberi yaMwari. Kana paita saizvozvowo Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pavo. Mwari vanofara zvikuru kuva pakati pechaunga chinenge chauraya kwose kuzvida nokuzvikudza. Apo vaviri kana vatatu vanowirirana kuva pamwe chete pamweya, [muzita raJesu], Baba vari kudenga vanogara pakati pavo. Mwanakomana waMwari anouyawa kuzogara pakati pavo. Izvi zvinoburitswa pachena nemanzwi aJesu panaJohani 14:20-23. Muukama uhwu chete ndimo matinonzwisisa aya manzwi ake anoti. *“Pazuva iroro muchaziva kuti ndiri munaBaba imi muri mandiri, uye ini ndiri mamuri. Ani naani ane mirairo yangu uye anoiteerera, ndiye anondida iyeye. Uyo anondida achadikwanawo naBaba vangu, neniwo ndichamuda uye ndichazviratidza kwaari. Kana munhu achindida achateerera udzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye.”* Hapana ukama munaKristu hunopfuura uhwo hwunobudiswa panaMateo 18 naJohani 14. Mashoko aJesu pamusoro poMweya Mutsvene anoti *“Ndine vzhinjiri zvokutaura kwamuri, zvakananda zvokuti hamungagoni kuzvitakura zvose iye zvino. Asi kana iye, Mweya wechokwadi, auya, achakutungamirirai muzvokwadi*

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa naMwari uye rinopihwa pachena kuna ani naani zvake anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve magazini rinonzi Herald Of His Coming. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A.

Mukoponori nomupepeti we **Mharidzo Yokuuya Kwake**: Pastor Godfrey Ndirwenyu

Tumirai minamoto, zvikumbiro nemanzwi ekurudziro nokutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Nhamba dzorunhare dzinoti +263 772 929673/ +263 498041

Nhengo dzeZvipamazano: Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe.

yose. Haatongotauri zvake; achataura zvaanenge anzwa uye achakuudzai zvichauya. Achauyisa kukudzwa kwandiri nokutora pane zvangu achizvzivisa kwamuri” (Johani 16:12-14), anongozadziswa chete apo vatsvene vanange vari pamwe mumweya nemwoyo mumwe chete.

Kuungana Muzita Rake

Ko Ishe vanoreveiko namanzwi aya, *“panoungana vaviri kana vatatu muzita rangu”*? Hapanoi patiri kupotsa zvikuru savatendi. Anoreva iye kuti arikuzova pakati paavo vanowirirana mukutsvaga kuda kwake, kwete kuda kwavo, avo vanomukoshesa iye saIshe, kwete ndokunge pane zvavanoda uye zvavanofarira ivo. Icho chatinokoshesa zvikurusa chingangova chimwari chedu. Kuvavarira zvedu chete kungangoita kuti tide Jesu nemhaka yokuti tinenge tichida rubatsiro rwake, kwete nemhaka yokuti tinomuda.

Somuenzaniso kune vaya vanofarira zvikuru utano hwakanaka; zvokuti chikuru chavanofarira chete kubva kuna Jesu isimba rokurapwa nokuporeswa. Tingangokoshesa zvose izvo zvakanaka zvatinaoda zvokuti tinozguma toona Jesu senzira yokusvika paicho chatinofarira. Zvatinaokoshesa zvose zvingava zvakanaka, sokubatana, kuwadzana, kana mutsurudzo, kana upenyu husingaperi, apo tinozonoona Jesu sechimugwagwa chokunowana icho chatinoda [nokufarira].

Kana tikaita zvose izvi [tine pfungwa iyi] hazvisiri muzita rake, asi kuti muzita nokuda kwedu uye zvose zvichiitirwesu. Kunze kwokunge tamuda kupfuura zvose ndipo patinenge toita zvose muzita rake. Kana tichishuwira kuva kwake pakati pedu souyo anokwanisa kutibatsira chete kuwana izvo zvatinaoda kupfuura iye, tichakatyamadzwa, nokuda kwokuti izvi hazvisi muzita rake. Ndeicho chakakosha chatiri kudzidza kubva kune aya magwaro atiri kuverenga.

Tinakwanisa kukumbira izvo zvatinaoda; tiri pamwe chete; asi kana zvisiri muzita rake, zvisingaitirwi iye, hapana zvizhinji zvatinaodana. Kubva pachokwadi ichochi ndipo patinganzwisisa zvakanaka manzwi aya aJesu: *“Kana mukakumbira chinhu chipi zvacho muzita rangu, ndichaita”* (Johani 14:14).

Tinoda here kuva naJesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvazakare mukuda kwake. Kana kuti tinomuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu mberi. Kana chiri chokutanga [chokuda Jesu pakati pedu kuti agotisevenzesa zvazakara mukuda kwake], zvose zviri muzita rake, asi kana zviri zvedu nokuda kwedu [kumuda pakati pedu chete kuti zviendesere kuda kwedu mberi] tiri kurasika.

Kuti tive NaShe pakati pedu, vashoma vedu [vaviri kana vatatu sokutaura kwaJesu] vanofanira kuwirirana, vari pamwe chete mumweya nemuzvokwadi. Tinofanira kusiya zvose tigotakura muchinjiko wake tichimutevera kwose kwaanoenda (Ruka 9:22). Iye ndiye anofanira kubata hwose umambo. Kuzvinipisa (1 Petro 5:5-6) uye kuzviisa pasi pomumwe namumwe tichitya Mwari (VaEfeso 5:21), ndiyo chete nzira yokurasira kuzvida kwedu kwose kure kure nesu uye kuti Jesu vagowana chinzvimo chavo pakati pedu. [Ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kuKereke]

“Zvakanaka uye zvinofadza sei hama

*Kana mukubatana dzichigara pamwe chete hama,
Zvakafanana namafuta adururirwa pamusoro paAroni,*

Anoerera kundebvu dzake iye Aroni,

Anoburukira kusvika pamipendero yenguo dzake,

Zvinoita sedova reHerimoni paGomo reZioni.

*Nokuti apa ndopakaiswa kwaJehovha, kuropafadza,
Uhwu ndihwo upenyu hunofadza husingaperi upenyu.”*

(MaPisarema 133:1-3)

70 Makore Ayoo! Makorokoto Kwauri Iwe Israeri!

NaGodfrey Ndiriwenyu

Kuzadzikiswa kwezvimbiso zvaMwari kunyika nerudzi rwaIsraeri chirakidzo chikurusa chokuti Mwari ivavo vanokwanisa kuita zvimwechetezvo muupenyu hwedu iwe neni nhasi. NdiMwari vezvishamiso neminana, kana vangobata kana kutaura pane zvinoitika. Zviripo zvinotoshanduka! Shoko ravo Dzvene rinoti ndiMwari vasingashanduki. *“Ini Jehovha handishanduki. Saka imi, rudzi rwaJakobho, hamuna kuparadzwa”* (Maraki 3:6), ndivavo Jehovha vanezuro nhasi namangwana. *“Jesu Kristu anogara akadaro zuro nanhasi nokusingaperi. Musatorwa nedzidziso dzimwe dzose dzose dzisingazivikanwi”* (VaHebheru 13:8). *“Simuka, Bharaki, uye uteerere; ndinzwe, iwe mwanakomana waZipori. Mwari haasi munhu, kuti angareva nhema, uye mwanakomana womunhu kuti ahandure pfungwa dzake. Ko, anotaura akasazviita here? Anovimbisa akasazadzisa here? Ndakagamuchira murayiro*

wokuti ndiropafadze; iye aropafadza, uye ini handigoni kuzvishandura” (Numeri 23:18-20).

NdiJehovah waAbrahamu, Mwari waIsaka, Mutsvene waIsraeri. Ndivo musiki wepasi nedenga vari ivo mabati wemakiyi. Kana vavhura hapana anovhara zvakare kana vavhara hapanazve anovhura (Zvakazarurwa 3:7). Rudo nenyasha dzavanadzo pana Israeri dzinofashukirirawo nekwatiri isu nhasi vava vaimbonzi mahedheni. Uyo arimufudzi waIsraeri ndiyewo Jehovah mufudzi wedu nhasi. Hakusisina muGiriki kana muHebheru, mukadzi kana murume pauso hwake Mwari nhasi, tave chinhu chimwe chete nokuda kwero paJesu Kristu. Nokuti akatiitawo nemufananidzo wake nesuwo tiri hwayana dzemafudziro ake. *“Uyai tikotame, tinamate, ngatipfugamei pamberi paJehovha Muiti wedu; nokuti ndiye Mwari wedu, uye isu tiri vanhu vanofudzwa naye, makwai anochengetwa naye”*

(MaPisarema 95:6-7). *“Nokuti Jehovha ndiye Mwari mukuru, Mambo mukuru pamusoro pavamwari vose. Nzvimbo dzakadzika dzapanyika dziri muruoko rwake, uye misoro yamakomo ndeyake”* (MaPisarema 95:3-4). NdiJehovah Mwari wezvishamiso.

Chishamiso chikurusa chakaitika mupasi rose makore makumi manomwe apfuura aya uye chatinofanira kupemberera zvikurusa savatendi, kuzvarwa nekuvapo kwenyika yaIsraeri. Apa weDenga, Jehovah wamasimba ose, akaratidza zvichokwadi kuti Shoko ravo ibenyu uye vanozadzikisa zvose zvavanotaura.

Mushure memakore anenge ane zviuru zviviri nekuraudzira vaJudha vaparadzirwa mupasi rose vachishungurudzwa zvinopisa tsitsi, vave rota, pasisina tarisiro bodo, Mwari vakazadzikisa zvimvimbiso zvavo kuvaporofita vavo, nyika yaIsraeri ikavapo mugore ra1948. Muporofita Izaya akambenge ataura nezvechitiko ichi makore anenge chiuru zvose izvi zvisati zvaitika. *“Inzwai maungira ebope anobva muguta, inzwai mheremhere inobva mutemberi! Ndiwo maungira aJehovha achiripira vavengi vake zvose zvavakakodzera. ‘Asati arwadziwa nemimba, anosununguka; kurwadza kusati kwauya pamusoro pake, anosununguka mwanakomana. Ndiani akambonzwa chinhu chakadai? Ndiani akamboona zvinhu zvakadai? Ko, nyika ingazvarwa pazuva rimwe here kana rudzi rungazvarwa pakarepo here? Kunyange zvakadaro, Zioni rakangoti kurwadziwa, pakarepo ndokubereka vana varo. Ndingasvitsa panguva yokubereka ndikasaberekesa here?’ ndizvo zvinotaura Jehovha. ‘Ko, ndingazarira chizvaro ndikasaberekesa here?’ ndizvo zvinotaura Mwari wenyu”* (Isaya 66:6-9).

Zvimwe chetezvo muporofita Ezekieri muchitsauko 37 akataurawo nezvazvo muchiporofita chake chiya chomumupata wamapfupa akaoma, *“Ruoko rwaJehovha rwakanga rwuri pamusoro pangu, uye akandibudisa noMweya waJehovha akandiisa pakati pomupata; wakanga uzere namapfupa. Akanditungamirira kuno nokoko pakati pawo, uye ndakaona mapfupa mazhinji zhinji pamusoro pomupata; mapfupa akanga akaoma kwazvo. Iye akandibvunza akati, ‘Mwanakomana womunhu, mapfupa aya angararama here?’ Ini ndikati, ‘Imi Ishe Jehovha, iyemi ndimi munoziva.’ Ipapo iye akati kwandiri, ‘Profita kumapfupa aya uti kwaari, ‘Imi mapfupa akaoma, inzwai shoko raJehovha: Zvanzi naIshe Jehovha kumapfupa aya: Ndichaisa mweya mukati menyu mugorarama. Ndichaisa marunda pamuri nokuita kuti muve nenyama pamusoro penyu ndigokufukidzai neganda; ndichaisa mweya mukati menyu uye muchararama. Ipapo muchaziva kuti ndini Jehovha”*... Ipapo akati kwandiri, *‘Mwanakomana womunhu, mapfupa aya ndiyo imba yose yaIsraeri. Ivo vanoti, “Mapfupa edu aoma uye hatisisina tariro; taparadzwa hedu.” Naizvozvo profita uti kwavari, “Zvanzi naIshe Jehovha: Haiwa vanhu vangu, ndiri kuzozarura marinda enyu ndigokubudisai maari; ndichakudzoserazve kunyika yaIsraeri. Ipapo imi,*

vanhu vangu, muchaziva kuti ndini Jehovha, pandichazarura marinda enyu ndichikubudisai maari. Ndichaisa mweya wangu mukati menyu mugorarama, uye ndichakugarisai munyika yenyu. Ipapo muchaziva kuti ini Jehovha ndakazvitaura, uye ndakazviita, ndizvo zvinotaura Jehovha” (Ezekieri 37:1-14).

Kana ucharangarira, muchinyorwa cheMharidzo Yokuuya Kwake yegore rakapfuura ra2017 ndakanyora mashoko aya. *“Gore ra2017 igore rakakosha zvikuru murungano rwenyika yavaJudha, nekunyika yaIsraeri.”* Saizvozvowo igore rinoera, zvikurusei kuKereke yaKristu mupasi rose nhasi. Pane zvikonzero zvakati wandei nemhaka yei ndaitaura ndichidai. Muchinyorwa chimwe chetecho ndakangodoma nokudonongodza zvisomanana kuti nemhaka yei ndaitaura kudaro uye kuti ndairevei. Ndokumbirisa zvikuru muverengi wangu kuti udzokororezve kuverengazve chinyorwa ichi nokuti zvakataura muchinyorwa ichi zvakakosha zvikuru kuupenyu hwako somunhu waMwari. Zvikuru sei kana uri mutungamiri weKereke [pastor] mashoko arimo akakosha uye achakubatsirisa zvikuru.

Sokutaura kwandakaita zvechokwadiwo gore ra 2017 rakave gore rezvishamiso pasi rose zvaro. Rakatanga nokunopera tachingo bate miromo, nhunzi dzikaita sedzichazare mumiromo. Kana imo munyika yokwedu inga takazvionawo wani. Kwakatsve demo mupini ukasara.

Zvino gore rino ratiri kutanga iri ra 2018, igore rokupupura, kudzoredzera nekupemberera. Isiraeri ari kusvitsa makore makumi manomwe asununguka achizvitonga. Kuri kupembererwa, uye kuchapembererwa! Kutu unzwe udobodobo wezvaMwari batisisa chiverengo chamakore iwaya: Makumi manomwe [70 years]. Chiverengo ichi chakakosha zvikuru. Bva hachisiricho choga.

Nomusi wa6 Zvita [December] 2017 makore mukumi manomwe namazuva manomwe United Nations yabvumirana kuti pave nenyika yeIsraeri, mutungamiri weAmerica vaDonald Trump vakaruma muromo wepasi ndokuparidzira kupasi rose kuti nyika yavo yeUSA yave kuzatora Jerusalem seguta guru [capital city] reIsraeri. Kwakava nokupemberera kukuru pasi rose mushure memashoko iwaya. Kana neniwo ndakatobude nnote dzemisodzi nokufara. Mwari ngaaropafadze vaDonald Trump nenyika yavo yeUSA nedanho guru iri ravakatora. Tiri kurarama munguva inofadza zvikuru apo tinoona kuzadzikiswa kwamagwaro. Mumazuva akatevera nyika dzakati kuti kusanganiswa yeGuatemala dzakateverawo danho reAmerica rokutambira kuti Jerusarema ndiro guta guru renyika yaIsraeri. Mumakore apfuura vana veIsraeri vaingochemba: *“Panzizi dzeBhabhironi takagarapo tikachema, patakarangarira [guta re]Zioni. Pamikonachando apo ndipo patakaturika mbira dzedu, nokuti ipapo vakatitapa vakatikumbira nziyo, vatambudzi vedu vakatigombedzera kuti tiimbe nziyo dzomufaro, vakati, ‘Tiimbirei rumwe rwiyo rweZioni!’ Tingaimba seiko nziyo dzaJehovha tiri munyika yokumwe? Kana ndikakukanganwa, iwe Jerusarema, ruoko rwangu rworudyi ngarukanganwe*

umhizha hwarwo. Rurimi rwangu ngarunamatire kumusoro kwomuromo wangu, kana ndikasakurangarira iwe, kana ndisingafungi Jerusarema, iwo mufaro wangu wapamusoro-soro” (MaPisarema 137:1-6).

Kumutsvene wose anoda nokuropafadza Isiraeri, rino igore rokupemberera nokufara. Misodzi ichapera. Yave nguva yokupupura nokupemberera. Zwawakadyara mumisodzi wava kunozvipupura mumufaro (MaPisarema 126:6). Mwari havanyepi. Havasi mwanakomana womunhu kuti vanoshandura mafungiro avo. Shoko ravo rinomira rakadaro kusvikira nokusingaperi. Inzwa zvinotaurwa neShoko raMwari pamusoro peciitiko ichi: “*Pemberai pamwe chete neJerusarema uye mufarisise, imi mose munoririnda; farisisai pamwe chete naro, imi mose munochema pamusoro peJerusarema. Nokuti muchanwa mukaguta pamazamu ake anonyaradza; muchanwa zvikuru kwazvo muchafadzwa nezvakawanda zvake zvinopfachukira.*” Nokuti zvanzi naJehovha, *‘Ndichawedzera rugare kwaari sorwizi, uye upfumi hwendudzi sokudira kworukova; muchanwa uye muchatakurwa paruoko rwake, uye muchavaraidzwa pamabvi ake. Samai vanonyaradza mwana wavo, saizvozvo ndichakunyaradzai; uye muchanyaradzwa pamusoro peJerusarema.’ Pamuchaona izvozvo, mwoyo wenyu uchafara, uye muchaita bumhudza sebundo; ruoko rwaJehovha rucharatidzwa kuvaranda vake...*” (Isaya 66:10-14).

Shoko raMwari rinoti tipemberere tose gore rino. Zvikuru sei isu zvedu tinofarira nokuchemera Zion guta raMwari. Makorokoto kwauri iwe Isiraeri wasvitsa

makore makumi manomwe uchizvitonga. Ropafadzwa iwe Jerusarema, guta dzvene raDavhidha, guta guru raMwari uye rarama wakadaro murunyararo. Durura makomborero ako pamusoro pavatsvene vose vanoda nekuropafadza zita rako. “[Vose] Vanokuda [Iwe Jerusarema] ngavabudirire.” Gore rino ngavapemberere. Runyararo ngaruve mumusvingo avo [uye] norugare ngaruve mumizinda yavo. Pamusana pehama dzangu neshamwari dzangu, [ini ndichati] “Rugare ngaruve mukati mako iwe Jerusarema...” Gara nokusingaperi iwe Jerusarema! Rarama nokusingaperi iwe nyika yaIsiraeri! Ririririri mhururu nemiridzo kupemberera nyasha kunyika yaIsiraeri.

Ichi chinyorwa chadururwazve kubva pakati-kati pemwoyo wangu. Nemisodzi inopisa, ndinonyengeterera nokukomborera nyika yandinokoshesa zvikuru muupenyu hwangu ini somutendi- Nyika yaIsiraeri. Ano matsimba emwoyo wangu uye chinyoreso changu chakosora zviri kutsi kwemwoyo wangu. Munamoto wangu ndewokuti Israeri agare murunyararo; muve norugare muguta reZion [Jerusarema], uye kuti nerimwezve ramazuva nditsikewo ivhu reiyi nyika tsvene. “Ndiri kunyengeterera kuti Jerusarema rive norugare. Vose vanokuda [Iwe Jerusarema] ngavabudirire. Runyararo ngaruve norusvingo rwako uye norugare ngaruve mumizinda yako. Pamusana pehama dzangu neshamwari dzangu, [ini ndichati] “Rugare ngaruve mukati mako iwe Jerusarema...” Gara nokusingaperi iwe Jerusarema! Rarama nokusingaperi iwe nyika yaIsiraeri! (MaPisarema 122:6).

MUNAMATO WAKANYORWA NOMUDZIDZISI MUKURU WAWAJUDHA . . .

Munamato uyu wakanyorwa nemudzidzisi mukuru wechiJudha [Rabbi] munyika yeIsiraeri mugore ra1948, [gore ravakawana kuzvitonga] uye unoverengwa mumasinagoge avoe ose pasi rose nemusi weSabata [Sabbath Day].

Baba vedu varikudenga Ibwe noMuponesi waIsiraeri, ropafadzai Isiraeri, ruva rokutanga reruponiso rwenyu. Muvhumbamirei namapapiro enyu orudo uye nounyoro hwenyu. Mowadzira pamusoro pake Tebhanekeri yerunyararo rwenyu. Tumirai kubwinya nechokwadi chenyu kuvatungamiri, vashandiri vayo noutungamiri hwose. Vatungamirei zvineungwaru pamberi penyu. Simbaradzai maoko avanodzivirira Nyika Yenyu Tsvene, vapei dziviriro O Ishe uye muvashongedze nuwani yokukunda, ipai runyararo munyika uye nomufaro usingaperi kuvagari vayo.

Kuhama dzedu, imba yose yaIsiraeri, varangarirei, kwose kwavakapararira, muvadzorezve mukururama kuguta renyu reZion, NeJerusarema Nzvimbo yamunogara. Sezvazvakanyorwa Mumutemo waMoses Muranda wenyu zvichinzi: “kunyange dai manga makarasirwa kunyika iri kure pasi pedenga. Kubva ikoko Jehohvah Mwari wenyu achakuunganidzai uye agokudzosi. Achakudzosi kunyika yamadzibaba enyu, uye muchaitora igova yenyu. Achakuita kuti mugonyanyobudirira uye muwande kupfuura madzibaba enyu. Sunganidzai hana dzedu murudo nokuremedza zita renyu, tichengetedze mashoko ose ari Mubhuku Yomutemo, chimbidzirai kutumira Muzodziwa wenyu mutsvene weimba yaDavhidha, kuzosunungura vose vanenyota yoruponiso rwenyu.

Wonekai mukubwinya kwenyu kundudzi dzose dzepasi, uye mweya wose ushumire: Jehovha Mwari waIsiraeri ndiye Mambo, uye Umambo noutongi hwake huri pamusoro pazvose. Amen.

Wagadzirira Here Kudzokazve Kwalshe?

NavaW. C. Moore

Ishe Jesu vakati ivo, *“Naizvozvo nemiwo garai makagadzirira nokuti Mwanakomana weMunhu achauya nguva yamusingafungire”* (Mateo 24:44).

Ndakagadzirira Here?

Kugadzirira kunoreva kurarama zuva nezuva wakarindira kudzokazve Kwalshe. Vamwe vanoti “Iko zvino handina kugadzirira, asi ndinotarisa kuva wakagadzirira nguva isati yapera.” Mutendi, nzvimbo chete yakateramira, kugara nguva dzose wakagadzirira! Jesu havana kumbobvira vataura manzwi avo pasina. Ndiye Musoro weKereke (VaEfeso 5:23). Ndiye Ishe Mukuru. Vanoziva zvavari kutaura. Kana chiripo chinhu, chingava chidiki kana chikuru chiri chipingidzo pakati pomweya wako naMwari, uye pakati pako nemunhu wose zvake pasi pezuva, chigadzirise iko zvino. Kana usina kuzadzwa nokukunda muupenyu hwako nhasi, nyengetera nepaunogona kusvikira wagadzirira kuonekwa kwake.

Usina Chaunopomerwa

Kana une kakuzvipa mhosva mukati memwoyo mako, ingava neipi zvayo nzira (1 Johani 3:19-24), ndapota usazorore, usatsaudzirwe uye usazvinonokera, asika uzvipire mukuzvinyima chokudya nemunamato, kusvikira [muhana mako] wagadzirira kudzokazve kwalshe wedu. [Hama] mudikani, gara wakagadzirira! Nechikonzero chokuti Ishe Jesu vakatirayira kuti “gadzirira” zvinoratidza kukosha kwokugara takagadzirira, kwete kungogara takagadzirira chete, asiwo kurarama upenyu hwokukunda uye takagadzirira kuonekwa kwake. Tinofanira kukura munyasha dzake uye neipi yose zvayo nzira, kurarama pamberi paMwari tiri pachinhanho apo mwoyo yedu isina chainopomerwa (VaGaratia 5:16; 1 Johani 3:2-3; VaRoma 8:1). Mazvirokwazvo tinofanira kugara takagadzirira uye tichingova vanogadzirira, tichifamba muchiedza chatinopihwa naMwari nguva dzose, tichitsvagisisa mirayiro yake nguva dzose. *“Ngatikanganwei zviri kumashure tichinanavira zviri mberi, tichishingairira kunharidzano kuti tiwane mubayiro watakadanirwa naMwari kudenga muna Kristu Jesu...”* (VaFiripi 3:13-14). Pauro ainanavirira zviri mberi, nesuwo tinofanira kuita zvimwe chetezvo. Mwari vanodisa zvikuru sei kuti tizvitarire zvinechokwadi muupenyu nemwoyo yedu uye tichizvinipisa nguva dzose pamberi pavo.

Charles Finney akagamuchira kubhabhatidzwa nesimba muMweya Mutsvene, akaona nokunzwa manzwi ake ane simba achikwanisa zvikuru kunamatidzira kuzvisvora kukuru mumwoyo yevazhinji. Asika dzimwewo nguva ainzwa simba iri richimboderera. Nokudaro, sokutaura kwake, haana kumbobvira azvipa zororo kusvikira zvose zvagadziridzika pakati pomweya wake naMwari, uye

nokuda kwaizvozvo pakarepo aizonzwazve simba raMwari richidururu patsva muupenyu hwake.

Kana isu pachedu tisati tanyengetera kusvikira pachinhambo chatinorarama zvachose mukukunda, tingatarirana sei nevamwe vatinoparidzira utsvene? Somuenzaniso, kana ndiri mbavha ndingadzidzisa sei vamw kuvimbika? Kana ndichirarama muutsvina ndingakurudzira sei vamwe kuva vatsvene vasina chavanopomerwa? Kana ndisingakwanisisi kudzora rurimi rwangu [namanzwi andinotaura], ndingakurudzira sei vamwe kudzorawo ndimi dzavo? Kuzvakadai Ishe Jesu vanotaura manzwi aya anokododzvora, *“Iwe munyengeri tanga wabvisa puranga riri mumaziso ako, ipapo unozoonza zvakanaka kuti ukwanise kubvisa kabanzu kari muziso rehama yako”* (Mateo 7:5).

Unogadzirira Sei

Nzira yokuti unowana Mwari sei, kumhinduro kuminamato yako, kuwana zvose zvaunoda pamwoyo, mweya nenyama, ndiko kumutsvaga chose nemwoyo wako wose. Dzimwe nguva tingafunga kuti tamutsvaga nemwoyo yedu yose tikasamuwana – ndapota tisazvinyengera nemufungo iwoyu. Magwaro ndeechokwadi. Haatyorwi. *“Muchanditsvaga uye muchandiwana kana mukanditsvaga nemwoyo yenyu yose”* (Jeremia 29:13). Chenjerera kuva usingatonhori kana kupisa, kusava nemwoyo wakaperera. Mwari ndivo vanopa kukunda (1 VaKorinde 15:57). Iva mukundi iwe pachako – wozonoparidzira mharidzo yokukunda musimba roMweya Mutsvene.

Ridza hwamanda muZion. Mutsa vanhu vaMwari vakarara kwose kwose. Udza vanhu kuti vagadzirira nokuti *“kudzoka kwaShe wedu kwava pedyo zvikurusa”* (Jakobho 5:7-9). Ishe achava nevanhu vake vakagadzirira nokuti tinoudzwazve [neShoko] kuti *“vaive vakagadzirira vakapinda naye mumutambo wesvitsa uye masuwo akapfigwa”* (Mateo 25:10). Uchava here muchikwata cheavo vakagadzirira? Zvinoda kuti tizvinzvere nguva dzose (Ruka 21:34-35); zvinoda kuzviramba; zvinoda kugara wakagadzirira nokunyengetera (Ruka 21:36); kuti tiwanikwe takakodzera kupunyuka paizvo zvose zvave kuzoitika uye kumira pamberi poMwanakomana woMunhu.

Shandisa ... Kana Kuti ... Rasikirwa

Kana ukanzwa une nyota yokutsvaga Mwari, ndapota mutsvage [nemwoyo wako wose] panguva iyoyo nokuti ungangonzvengwa nehwadzira hwoMweya Mutsvene. Ukaona usisina nyota inopisirira kuraramira upenyu hwokukunda, nekumurumbidza Mwari napose paunogona, izvi zvinofanira kukukatyamadza zvikurusa. *“Mune nhamo imi mose makavarairwa muZion, nemi munofunga*

kuti mugere pakasimba paGomo reSamaria” (Amos 6:1). Vasingapisi kana kutonhora, vava vanazvakanaka zvakadaro, vanosvipwa (Zvakazarurwa 3:16-17). Shingairira kuti ubate Ishe nokubwinya kwavo (Isaya 64:7) sezvakaitwa naJakobho (Genesisi 32:24-28); sezviya zvakaitwa naDanieri (Dhanieri 9:3-4). Shingairira nemwoyo wako wose uye panguva ingava iri ipi zvayo, uchinyengetere saJesu muBindu reGetsimane (Ruka 22:39-46). Kana ukatamba-tamba naMwari, kana ukangoverengera kudavira kuhavirira nokudana kwoMweya Mutsvene kukunyengerera kune simba, chenjerera kuti nokufamba kwenguva ungangorasikirwa nehavi iyoyo mumweya wako. “...*Kune uyo asina* [asingashandisiri Mwari zvaanazvo, asina hanya, asingadaviriri kuhavirira yoMweya Mutsvene ari kufambira hake mukati mehana yake] [zvaanavzo] *zvichatorwa uye kana zvisoma izvozvo zvaanazvo*” (Mateo 25:29). Asika Mwari ngaavongwe, kunze kwokungoshishinikra Mwari pasina, ngatiitei sokureva kwemvhesi iyo yokutanga, “*Kune uyo anozvo...* [uyo anoshandisira Mwari neezvaaka gamuchidzwa, anodavirira kukufamba-famba kwoMweya Mutsvene anoshanda muopenyu hwake] *kuchapihwa uye achava nezvinofashukira....*” Pazvose ramba muchirarama mukukunda!

Mirira Pana Ishe

Kunze kwokungo zvisishinikira, mumabasa okuzvitunhidza semhandara Marita (Ruka 10:38-42), Mwari vonofarirawo kuti timirire pavari kuitira kuti simba ravo rive redu (Isaya 40:29-31; MaPisarema 27:14). Nyama haina pundutso (Johani 6:63). Zvimwe zvinhu zvatinoita tichiitira Mwari, zvinototiwondongera zvizhinj. Kana tiri vane ushingu nehasha, tine umunyu, tiri vanogarofunganya uye tino kutya, Mwari vanoshuwira kuti dai tasiya zvose izvi tomirira kunaka kwake nesimba rake uye nenjere dzavo dzazadza upenyu hwedu.

Zvinhu Zvose Murudo

“*Zvinhu zvose ngazviitwe murudo...*” (1 VaKorinde 16:14). Ukaona tisisaiti zvinhu zvedu zvose murudo, ngatitendeukei ipapo ipapo uye nerubatsiro rwaMwari totanga kufamba zvakare murudo, kutaura murudo, kunyengeterera murudo, kufunganya murudo uye tichiita zvinhu [zvedu] zvose murudo. Pakushishinika kwedu, dzimwe nguva mubasa raMwari chairo, zviriri nyore kukandira rudo rwaMwari kunze kwopenyu hwedu, zvikuru sei kana tikasarinda nokunamata nguva dzose, uye kuteerera Ishe nokuzvininipisa pamberi pake. Tinofanira kurinda – kugara tiri nharire nguva dzose, uye togara tiri vokunyengerera – kugara takachenjerera mweya yedu, kuchenjerera mabasa omweya yedu, uchenjerera zvikiribidi zvowakaipa, zvishuwo zvenyama dzedu, michero yamanzwi atinotaura, zvimwe zvimaitiro zvedu, kuti maitiro iwaya ari kurumbidza ere Mwari zvakakwana. Oh! Dai Mwari vatibatsira zvikurusa isu tose zvedu tiri vakristu, kuti tifambe mukuzvininipisa

kukurusa pamberi pake uye tireurure nokusiya zvivi zvedu.

Tsamba yokutanga kuvaKorinde chitsauko 13 inotipa tsanangudzo nemaonero aMwari erudo chairwo-irwo rwezvokwadi. Nguva zhinji zvinhu zvatinkoshesa uye zvatinopira upenyu hwedu hwose mubasa reushumiri hweIvhangeri, huswa, huni nemupfudze, nemhaka yokuti rudo rwuya rwokutanga runenge rusipo, uye maitiro edu, matauriro edu, matarisiro, atinoita hama dzedu, kusungika kweuso dzedu nguva dzose, zvinoratidza kuti haasi Mweya Mutsvene ari kutidenda nokuti tekenyedza asi ungori mweya wedu kana mimwewo zvayo mweya. Dai Mwari vatibatsira zvechokwadi!

Kurangerira Kutendeuka

Kana tikapunyutsa rudo, rwuya rudo rwechokwadi mumwoyo neopenyu hwedu, zvose zvinenge zvabookera kupasina, zvikurusei kana ari maringe neushumiri kuna Ishe vedu. “*Rangerira pawakawa. Tendeuka uye uiite zvinhu zvawakanga uchiita pakutanga. Kana ukasatendeuka ndichauya kwauri ndigobvisa chigadziko chako chomwenje panzimbo yacho*” (Zvakazarurwa 2:5).

Oh! Dai Mwari vatibatsira isu! Ndapota ngatitorei nguva yokurangerira nokutendeuka. Rangerira machemero ataiita [aye] pamusoro pavatadzi nevakarasika, rangerira machengetero ataiita mweya wokunyengerera, rangerira kurwadzikana kwedu [kuye] pamusoro pokukoniwa kwavamwe vedu vakristu tichivanyengererera. Zvechokwadi Mwari ngavatiitire nyasha nhasi! Nhasi uno pachinzvimbo chokunyengererera idzi hama dzedu dziri kutsauka munaShe tinovatoropodza, kuvasvora nokuvamhura uye kutoita makuhwa pamusoro pavo potse okutovashuvira kutukwa kwedenga chaikwo. Hama vadikani ngatirangerirei nokutendeuka uye tine kuzvisvora kuti tidzoredzere nyasha dzaMwari pamusoro pedu. “... *Asi zvino ndinofara, kwete nokuti makachema, asi nokuti kusuwa kwenyu kwakaita kuti mutendeuke. Nokuti makava nokusuwa kukuru sezvaidiwa naMwari uye nokudaro hamuna kukuvadzwa nesu nenzira ipi zvayo. Nokuti kusuwa kwouMwari kunouyisa kutendeuka uko kunotungamiririra kuruponiso, uye hakuuyisi kudembe, asi kusuwa kwenyika kunouyisa rufu. Tarirai zvaitwa mamuri nokusuwa uku kwouMwari: kushinga kukuru kwakadii, ishingu dzakadii kuti muzvichenese, kutsamwa kwakadii, nehanya yakadii nokutya nechishuwo chakadii, nehanya yakadii, nokuda kururamisira kwakadii. Pazvinhu maratidza kuti hamuna mhosva panyaya iyi*” (2 VaKorinde 7:9-11). “*Mwari rudo. Ani naani anogara murudo anogara muna Mwari uye Mwari [ari] maari*” (1 Johani 4:16). “*Shamwari dzinodikanwa, ngatidananei, nokuti rudo runobva kuna Mwari. Mumwe nomumwe anorudo akaberekwa naMwari uye anoziva Mwari nokuti Mwari rudo*” (4:7).

Regereranai Mumwe Kuno Mumwe

Zvingangoita sezvinoshamisa, asika chokwadi chiri pachena ndechokuti, ipo pakati pevanhu vaMwari, pachave

nedzimwe nguva dzitinofanira kuregerera vamwe vaKristu pane zvavakaita kana kutaura. Regerera pazvokwadi – kwete kungombambadzirira pamusoro. *“Muitirane mwoyo munyoro munyoro uye munzwirane tsitsi, muchikanganwirana mumwe kuno mumwe wenyu sezvamaka kanganwirawo naMwari muna Kristu”* (VaEfeso 4:32). Ishe Jesu vanoti ivo *“Regereranai uye nemi mucharegererwawo”* (Ruka 6:37). Heanoi manzwi akananga asingati pamusasa kana pamunondo.

Shandisa.... Kusvika Ndadzoka

Hatimiriri kudzoka kwaIshe wedu takazvipetera maoko kana kudekara. Shoko rinoti *“Shandisa”* – batikana, gomerera kuda kwaMwari – kusvika vadzoka. *“Naizvozvo musava mapenzi, asi munzwisise kuti kuda kwaShe ndokupi”* (VaEfeso 5:17). Shingairira, vimbika uye batikana paunoshandira Mwari nomufaro kusvikira adzokazve. Murume mupfumi, ave mugehena, akaudziwa kuti *“Mwanakomana rangerira kuti pamuzuva oupenyu hwako wakagamuchira zvinhu zvako zvakanaka panguva iyoyo”* (Ruka 16:25). Hatingangopupuriki muutefetefe hwezvenyika iro basa raMwari, nokushumira ivhangeri zvichirasirwa kure, uye vanhu vaMwari vachitambudzikira kurudziro nerutsigiro rwedu, uku tichitarisira makomborero Ishe

Jesu pavanodzoka! *“Tangai kutsvaga umambo hwaMwari nekukurama kwake, uye zvinhu izvi zvichapiwa kwamuri...”* (Mateo 6:33). Zvisinei nokuti tichaveimangwana. Kufambisirwa kweivhangeri ngakuve icho chakakosha muupenyu hwako. Chive icho chushuwo chakadzikadzika mumwoyo wako, icho chino nanavirwa nomwoyo wako pamusoro pazvose!

Hwidibiro: Munyori wechinyorwa ichi ndiva W. C. Moore avo vakazvarwa mugore ra1890 vakazoshaya mugore ra1980. Ivo nemudzimai wavo Sarah Foulkes Moore uyo akazvarwawo mugore ra1890 vakazoshaya muna 1973 ndivo vakatanga magazine riri muchirungu, reHerald of His Coming. Rungano rwavo rwakazara munokwanisa kuruwana nokuruverenga padandemutande reindaneti pakero inoti: www.heraldofhiscoming.com. Ngatiisei maoko edu pamwe chete tichibatsirana kutenda Mwari nenyasha dzavo dzakamutsa vaviri ava kutanga magazini iyi ye**Mharidzo Youuya Kwake**. Ngativatendei tose nemipururu mukuru nokudana kwavakaita vaviri ava kuti vatange iri bepa ramakomborero, rakaropafadzwa. Ngativatendeizve nenyasha dzavo huru dzasvitsa bephanhau reHerald of His Coming zuva ranhasi. Kutaura kuno magazine yeHerald of His Coming yave nemakore makumi manomwe namanomwe richidhindwa.

Shingairira Kupfuura Nomukuidzwa

NaRich Carmicheal

[Tichirangarira hanzvadzi dzedu Lois Stucky naChristine Ludlow vakatisiya mugore ra2014]

Gore ra2014 rakave gore rinorwadza zvikuru kuvashandi vose veHerald of His Coming, apo dzimwe nhengo dzedu mbiri, Christine Ludlow naLois Stucky vakaenda kunova naTenzi wavo [Kumusha weKudenga]. Tsvarakadenga mbiri idzi hadzina kumbobvira dzawanikwa uye kubvira mugore ra1988 vaigara pamwe muimba imwe chete. Zvakazoti mumwedzi waGunyana [Sepetmber] 2014, pataitsvaira tsvaira mudzimba dzavo dzavaigara, ini nemudzimai wangu takange tave muimba yokurara yavaviri ava Lois, apo takaita mahwekwe nechimufanakidzo chaSimone Lopez, uyo aivawo sawhira mukuru kwazvo waLois Stucky nepepa reHerald of His Coming kubvira kumakore aana 1960. Waive mufanakidzo wairatidza chimhandara chaifamba nepanzira yakamanikana zvikuru, uku kumativi ose ari mazihombemukombe emazitombo makuru. Nechekumusoro uko mukati-kati memakore okudenga, munowanikwa Tenzi nengirozi dzavo.

Mudzimai wangu, Gail akabva afungidzira kuti, zvichida chimhandara ichi chairakidzwa mumufanakidzo uyu, aiva Lios Stucky. Iniwo [mukuvaviwa nokuda kuziva] ndakabva ndanonyorera Simone Lopez [uyo ave nemakore anenge 96, makumi mapfumbamwe netanhatu] ndichimubvunza pamusoro pemufanakidzo uyu watainge taona patatsvaira

tsvaira mumba maLois. Simone Lopez akapindura achiti iye, zvechokwadi iyi yaive *“mhanhara Lois aipinda napanzira yakamanikana zvikuru, uku ane Bhaibheri [Shoko raMwari] muruoko rwake achifamba mukutungamirwa nekuchengetedzwa naIshe wake.”* Ndinorapafadzwa zvikuru sei kwazvo [nanhasi] kuva nemufanakidzo uyu paukuri wehofisi yangu.

Mufanakidzo waSimone uyu wairakidza Lois Stucky achifamba napanzira yakamanikana uye ine mazitombo makuru, wakafanirana zvikuru, nemhaka yokuti Lois akafamba nenzira yakaitawo saizvozvo muupenyu hwake hwose. Akatora sarudzo nemifungo yakaoma zvikuru achiri musikana mudiki akapira zvose zvaaida nokushuvira dzake akapira upenyu hwake hwose kunaShe Jesu uye nekubasa rake [roushumiri]. Chokwadi, Ishe vedu vakavimbikawo zvikuru kwaari, akazadza upenyu hwaLois nemufaro mukuru uye akamubvumidza kuva nezvibereko zvokubwinya kwake. Zvisinei, munzira yake maivawo nezvipingidzo uye izvi zvaida upenyu hwokuzvipira nokuzviramba. [Uku ndookutakura muchinjikwa.]

Ndinotaura izvi kwete kuti tiringire meso edu kuna Lois uye nokumurumbidza. Anga asiri uya anoda kuti vanhu vamutarire – ndiyo mhaka nei mufanakidzo uyu waive wakavigwa muimba yake yokurara. Asika ndiri kugoverana newe kuti zvikukurudzire mukufamba kwako

naIshe Jesu Kristu. Ungadai uri mukati mezvipingidzo apo paunotsvaga kutevera nzira yawakatemerwa naKristu pamberi pako. Nedzimwe nguva nzira inokwanisa kuva yakaoma zvikuru zvichitoda kuzvipira, kuzviramba, kutambudzika uye nokushingairira. Ungadaro uri kusangana nematambudziko uye kupikiswa. Asika rangarira, *“uyo ari mauri mukuru pane uyo ari munyika”* (1 Johani 4:4) uye rangarirazve kuti unokwanisa kuita zvose kubudikidza naIshe vanokusimbaradza (VaFiripi 4:13). Zvisinei neukuru hwemhingiridzo dziri mberi kwako, ramba wakavimbika kunaShe nekuzviga nenzira dzake. Ndiye mubatsiri wako, uye vakavimbisa kuti havazofi vakakusiya (VaHeberu 13:5-6). Kana dai zvikarema sei, hauzofi wakazvisvora kuraramira kubwinya kwake!

Kurudziro NeNyaradzo

Chinosuwisa ndechokuti zvipingidzo zvatinosangana nazvo izvi sevana vaMwari zvicharamba zvichiwedzera zvikuru sei mumazuva iwaya anotevera. Vatendi vazhinji vatove kusangana nekupikiswa [kukuru] mukutenda kwavo, mune dzimwe nzvimbo dzaitambira chiKristu, kusanganisira neUnited States of America. Pamusoro paizvozvi, nokuda kwekuderera muzvomweya mupasi rose zvaro kuna vanhu vakawanda vari kusangana nekusuwa, kuomerwa, zvichida nokuda kwavo uyewo nokusada kwavo, izvo zvinokonzereswa nevamwe. Izvi zvose zvinowedzeredza pamutoro watinawo apo tinoshingairira kunyaradza nokushumirawo kuna vamwe.

Namamwe manzwi, regai nditi ini vashandi vose veHerald Of His Coming [Mharidzo Yokuuya Kwake], vanoizviva kuti ano mazuva akaoma zvikuru kuvanhu vaMwari vazhinji. Asika zvikangodaro, tinetariro kuti chinyorwa chino cheMharidzo chine ushumiri nemharidzo dzinokunyaradzai, nekukurudzirai. Vamwewo ndivowo vanotirangaridza kuti zvinodhura sei kutevera Ishe Jesu, asika zvisinei hazvo, nzira dzake dzine upenyu hunopfashukira. Dzimwewo tsamba dzatinotambira dzinotiyeuchidza kuti Mwari vanoshanda kubudikidza nemiedzo muupenyu hwedu, kuti tigova pasina [pamberi paMwari] asiwo kwavari takawedzeredzwa simba, tine chimiro chakadzika-dzika chiri kusakurirwa kuti tigova neushumiri hune michero.

Tariro Mukati Mokutambudzika

Kana uri pakati-kati pokutambudzikanokushungurudziwa, rega ndikukurudzire kuti unyore mashoko aya pahwendefa yemwoyo wako: *“[Isu] Tinoti vakakomborerwa nokuti vakashingairira. Handiti makanzwa nezvokushingirira kwaJobho uye munoziva nezvaakanozoitirwa naTenzi pakupedzisira, nokuti Ishe azere netsitsi vanewo tsiye nyoro”* (Jobho 5:11). Mashoko aya anoburitsa pachena kuti kana dai takaidzwa zvikuru sei, [miedzo yaJakobho tinozviva tose kuti yaivava zvikuru sei], Mwari vane chinangwa nazvo (Jeremia 29:11). Sepanyaya iyi yaJobho *“mviromviro yokushanda kwaShe,”* kwakava nekuzviratidza kunesimba

kwaMwari, uye makomborerwa makuru muupenyu hwaJobho kupfuura zvaakange anozvo pasati pave nematambudziko. Kanapo Jobho akange asingazvioni, ari mukushungurudzwa nekuidzwa, tsitsi nenyasha dzaMwari zvaishanda nguva dzose.

Naizvozvo ramba uchishingairira hama yangu! Mwari pane zvavari kukurongera! Anaita kuti *“pazvinhu zvose zvinatsurudzwe, zvikuru sei kuna vaya vanomuda, uye vaya vaakadanidza kuti vaite zvaanoda”* (VaRoma 8:28). Tinokwanisa, kufarawo tiri mumatambudziko, nemhaka yokuti *“matambudziko anotishingisa. Kushinga kunounza kukunda, kukunda kuchiunzawo kuvimba. Zvino iko kuvimba hakunyadzisi kwete nokuti rudo rwaMwari rwakadururwa mumwoyo medu naMweya Mutsvene anoera atakapiwa”* (VaRoma 5:3-5). Uyewo sokutaura kwamupositora Jakobho, *“muti mufaro bedzi, hama dzangu, kana muchipinda muzviedzo zvizhinji. Nokuti kana mukatenda mukuedzwa kwenyu, munozogona kutsungirira. Asi onaiwo kuti kutsungirira kwenyu ngakuve kwechokwadi kuti imi muve vanhu vakakwana vasina chinhu chavanoshaya”* (Jakobho 1:2-4).

Mupositori Petro naye anotipawo iri shoko rekurudziro, *“Zvino mushure mekunge mambotambudzika kwechinguvana chiduku, Mwari anenyasha dzose, akakudaidzai kuti mupinde mumbiri yake isingagumi iri muna Kristu, achakuitai vanhu vakakwana vakatsiga, vakasimba, vasingatseteki”* (1 Petro 5:10). Chokwadi Mwari vedu ndiMwari venyasha, uye vakavimbika mubasa ravo muupenyu hwedu, kuti chengetedza mukubwinya kwake kusingaperi uye achatiswatudza nokusingaperi! Hazvishamisi kuti nemhaka yei Petro anozonoenderera mberi achishaura aya manzwi, *“Ngaatonge kusvikira nariini! Amen!”* (v. 11).

– Mamwe mashoko ekurudziro kubva kuna mukoma Richard Carmicheal, mupepti weHerald Of His Coming kuvaverengi vose veHerald Of His Coming, Mharidzo Yokuuya Kwake munyika yeZimbabwe. Nyasha norugare zvinobva kuna Mwari Baba vedu nokuna Ishe Jesu Kristu ngazvive kwamuri mose. Ushumiri hweHerald of His Coming hwakatanga mugore ra1941, naWilliard C. naSarah Foulkes Moore, mudhorohba reLos Angeles, California munyika yeUnited States of America. Chinangwa chaiva chokudhindisa pamwe nokugovera zvinyorwa zvemutsurudzo kuitira kubatsira kereke yaMwari kuti igare yakagadzirira nokurindira kuuya KwaShe wedu Kristu Jesu. Zuva zvorodai kusvedera paduku napaduku, tinorumbidza Mwari zvikuru neyu mukana, weHerald, wekuramba ichikurudzira, kusimbisa uye nekudenha vanhu vaMwari neiri shoko rekutendeuka, mutsurudzo, minyengetero, utsvene nekuvhengerera. Nhasi uno tinotenda Mwari nenyasha dzavo idzo dzatibvumira kugoverana shoko iri mururimi rwechiShona. Tinofara zvikuru neyu mukana uye tinonamatira kuti Ishe vachakomborerwa upenyu hwavose kubudikidza nepepanhu reMharidzo Yokuuya Kwake, [The Shona Herald]. Mwari vedu vakanaka uye

vane nyasha dzokutumira Shoko ravo kuti ribatsire vose vanoriteerera. *“Kuna iye anogona kukuchengetai kuti murege kugumburwa uye anokuisai pamberi pokubwinya kwake musina chamunopomerwa, uye nomufaro mukuru,*

kuna iye Mwari oga muponesi wedu, ngakuve nokubwinya umambo, simba noukuru, nokuna Jesu Kristu Ishe wedu, nguva isati yavapo zvino nokusingaperi” (Judha vs. 24-25). Tiri tose munaKristu.

Zvinokorwa Zvamanzwi Akataurwa

NaLois Stucky (1928 - 2014)

...Rubatsro rwaMwari tinoruda zvikuru sei nhasi kuti tisi vike kumagumo [oupenyu hwedu], tisingaduduziri kana kusiya muchinjikwa. Zviri nyore kungosimudza muchinjikwa pane kuutakura [mazuva ose] kusvikira kumagumo oupenyu hwedu pane ino nyika. Akakomborerwa anoshngairira kusvika pazuva rorufu. Kutakura muchinjikwa kungangorevazve kuyambuka makungwa neIvhangeri uchienda kunzvimbo dzinokusuwa nemarwadzo. Kana kuti, kubva pane zvandinoziva nezvandakaona nezvandakakura nazvo, zvingangoreva kupedza upenyu hwako hwose, uri muutera kana muurema mumvuri worufu, asiwo uri uya akavimbika mubasa raMwari reminyengetero. Vamwe vedu tingangodaro tiri pakati nepakati asika mukurarama kwedu kwose “pane muchinjikwa womunhu wose: pane muchinjikwa wangu.” [HOHC raKubvumbi 2015]

...Dzimwe nguva Mweya Mutsvene anotaura nesu zvinyoronyoro, zvinotapirira, pamusoro pezvimwe zvinhu zviri muupenyu hwedu zvinoda kunatsurudzwa kuti tifanane naJesu. Rudo ruri muinzwi rake harupotseki, uye [pakarepo] runowana mhinduro yedu nokuchimbizika. Dzimwe nguwawo inzwi raMweya rinouya nesimba gursa uye neyambiro inovhundutsa [sechamupupuri]. Rungori rudo rumwe chete ruri kutaura, asika anenge ave kushanda nezvikurusa zvinoda kuchimbizirwa. Ndizvo zvinoita sezviri kutaurwa naMweya Mutsvene apo ari kuti, *“Naizvozvo, kana muchinzwa inzwi rake, masaomesa mwoyo yenyu sezvamakaita panguva dzokumukira, panguva yokuedzwa murenje...”* (VaHebheru 3:7-8).

VaKristu vakavimbika nhasi vanosangana nemiedzo mukuru, kwete wokusiya kutenda kwavo, sezvakaitwa navana vaIsiraeri vari murenje, kwamakore makumi mana,

asika kutsvedzemuka kubva pakudanwa kwavo kukuru kwokuti vafanane naKristu uyo watinoda zvikuru (VaRoma 8:29). Zvikuru sei hatifaniri kuomesa hana dzedu kune izvo zvikuru zvinofadza Mwari.

Mutendi wose, kana asina kuchenjerera, mukusaziva, anokwanisa kusveverera mukufanana nezvenyika, izvo zvinozoguma zvoomesa hana yake *kuzvouwari*. Tinokurudzirwa neShoko raMwari kuti *“pamusoro pazvo zvose tichengetedze mwoyo yedu, nokuti ndicho chitubu choupenyu”* (Fanandizo 4:23). [HOHC raChikumi 2017]

...Chimwezve chatinofanira kuyeuka ndechokuti uyo anotidanira kuminyengetero anesu uye *pabasa iri* anotitungamirira. Oh tariraiwo chishamiso *chakadai*, chokudyidzana naMwari mumunamato nemunyengetero (VaRoma 8:26). Uye, mukushandisa Shoko raMwari, kurisimudza saMozisi pamusoro pehondo huru, zvinewo simba gursa. Kana tikasaona mubairo ipapo, tikasarasa kutenda kwedu, mubairo uchauya chete (vaHebheru 10:35).

Mhandara Sarah Moore, aive mudzimai aiva nemunhu mudukusa asika pamberi paMwari vaive chinoputika chaichoo paMweya. Vaigara vachitikurudzira kuti *“Zvipirei kwazvo kwazvo muhondo iyi [yomunyengetero] musingatyi.”* Iti basa sebasa naMwari! Shanda nesimba rako rose! Mukoma Castersen, uyo avewo pamwe chete naShe, asi akange ari murwi mukuru wechikwata che Herald Prayer Group, namanyukunyuku naye akachemawo, *“Zvikandirei kuhondo iyi”* yokunyengerera mutsurudzo. Minamoto nemisodzo yevarwi vakaenda ava, ndidzo hadyana dzegoridhe dzakazara zvinonuhwira *“inova iyo minamoto yavatsvene. Ko yako minamoto iri kuwedzerawo ere kuiyi ndiro yegoridhe....* [HOHC raKurume 2017]

ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. Tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda (2 Timoti 3:16).

2. Tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).

3. Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.

4. Tinotenda kuti, kuti pave noruponeso kuvakararika, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zvikuru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).

5. Tinotenda muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararama upenyu

hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).

6. Tinotenda mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).

7. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).

8. Tinotenda kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ruchine chikuru chkuita muurongwa hwaMwari, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengerera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2).

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI.....

NaMufundisi Zivai Shoko vana J. C. Ryle

“Zvino ndinokuisai kuna Mwari neShoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene” (Mabasa 20:32).

“Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba rose. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi ose, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nomweya namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari” (VaHeberu 4:12).

Kaziwai kaziwai hama dzangu! Makadiiko mese zvenyu kumativi mana ayo nyika? Isu uno iiii tinobadakara nyaamhu! Twakadiiwo twana kumhatsoyo anhuwe? Mufaro wangu mukuru kwazvo kukutekesai zvakare, imi mose vaverengi **veMharidzo Yokuuya Kwake** kuchinyorwa chedu chino **cheZvidzidzo zveBhaibheri**. Rangu zita ndinonzi Zivai ndiri mukorore wababa namai Shoko. Ndinodakara zvizhinji hai kuti mawanazve chimukowo chokuerengawo chinyorwa chino chokudzidza nokutsatsanhura Shoko raMwari. Iri ishoko rezvokwadi nyaamhu hamawe, munhu weshe hake ari mukristu anofanira kuva neruzivo rwakabadzika nokudzama rweShoko raMwari. Shoko neMweya Mutsvene zvinofanira kupfutidzana muupenyu hwomutendi.

Sokutaura kwandogara ndichiita zvinyorwa izvi zvinoitirwa kuti zvikubatsire iwe semukristu kunzvera nokunzwisisa Shoko raMwari. Zvakana sei kuti tiite savaBerea (Mabasa 17:11), avo vakange vane tsika yakanaka yokuti vakanzwa shoko *“vonzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa naPauro zvaiveizvo.”* Chishuwa changu chikuru ndechokuti *“Shoko raKristu rigare zvakakwana mamuri” (VaKorose 3:16).*

Kana mucharangerira, muzvinyorwa zvapfuura ndakati ini pane zviga, zvinhu zvikuru zvakakosha zvaunofanira kuziva nokubatisa somuKristu pose zvapo punenge wotarisanana neShoko raMwari.

Chokutanga ndichichi: *“Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka” (1Timoti 3:16).* Bhaibheri iShoko raMwari uye rakatakura ndangariro, zvisiwo nemifungo yaMwari. Nderozvokwadi uye mariri muneupenyu hwakazara

nokufashukira. Achitsigirana namashoko iwaya mupositori Petro anoti: *“...munofanira kunzwisisa kuti chiporofita choRugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Hakuna chiporofita chakauya nokuda kwomunhuwo zvake. Asi vanhu vakatura zvaibva kunaMwari vachisutswa neMweya Mutsvene” (2 Petro 1:20-21).*

Chechipiri ndechichi: Bhaibheri rakaitirwa kuti [iwe neni savaKristu] tirame hupenyu hunetariro neramangwana (Jerimia 29:11). Mwari havadi uye havatarisiri kuti tirame upenyu hwoupenzi upofu uye husina ramangwana. *“Nokuti zvose [zvose] zvakanyorwa kare [mushoko raMwari] zvakaitirwa kuti zvitidzidzise isu, kuitira kuti, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro tive netariro” (VaRoma 15:4).* Achinyorerawo sangano ravaKorinde, Pauro anovangaridza zvimwe chetezvo kuti zvose zvakanyorwa nezvakaitika, *“zvakange zviri muenzaniso kwatiri kuti tirige kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa, [zvisina maturo]...” (2 VaKorinde 10:6).* Naizvozvo sokutaura kwandinogara ndichiita pamusoro, Bhaibheri rakaitirwa kuti ritiswatudze, ritiumbe kuti tive vakakwana pamabasa akanaka, kuti tirege kuisa mwoyo yedu pane zvisina maturo.

Chetatu ndechichi: Shoko raMwari ibenyu uye rine simba rose. *“Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba [rose]. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari” (VaHeberu 4:12).* Mushoko raMwari ndimo muneuchi hwezvouvambo hwedenga. *“Ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda uyo akandituma, ane upenyu husingaperi uye haachatongwi, abva murufu uye apinda muupenyu” (Johani 5:24).*

Muchinyorwa chino ndati timboteerera kumanzwi aBishop J C Rye muchinyorwa chavo chinonzi:

Kristu: Ndiye Chitubu Chezvookwadi Choupenyu

“Ini ndiri muzambiringa; imi muri matavi. Kana munhu akagara mandiri uye neni maari, achabereka zvbereko zvakawanda; kunze kwangu hamugoni kuita chinhu...” (Johani 15:5).

Muchinyorwa ichi Bishop Ryle vanotanga namamnzwi aya:

Ngatishingairirei “kugara muna Kristu” zvakadzikadzika kupfuura zvataiveri nezuro. Kristu ndiye **Chitubu Choupenyu** mumwoyo nemweya womutendi wose, ndiye Musoro unozendamirwa nenhengo dzose [dzoMuviri Washe], ndiye nheyo yepakona yokutsaururwa kwezvokwadi. Pose pose zvapo pandinoona mwana waMwari oderekeramutsvene hwake, ndave kuziva chikonzero chakavanzika nei – anenge aderedza kubatirira kwake zvakasimba pana Kristu sezvaakambenge ari pakutanga. Midzi yedu inofanira kuva yakadzika-dzika zvamazvirokwazvo, kana tichida kuva nemichero inofashukira.

Hama vadikanwa, ngatishingairirei kuva chinhu chimwe uye nokuyanana naKristu. Ngatiendei kwaari nguva dzose, tichitaura naye nguva iri yose, tichivimba naye zvakaperera nguva dzose, tichitarira kwaari nguva iri yose, tichizendamirana naye zvachose. Iyi ndiyo nzira yokufamba nayo mugwenga tisinganeti, uye yokumhanya nokutsungirira nhangemutange yatakatarirwa. Ngatiraramei upenyu hwokutenda muMwanakomana waMwari. **Ndiye Muzambiringa** isu tiri matavi; ngatiwanei simba redu rose kubva kwaari, nokuti kunze kwake hatigoni kuita chinhu. Ndiye Zuva redu Rokunaka kwose – ngatitsvagei kunyaradzwa kwedu kwose maari, kwete mumifungo nemizwiro edu.

Jesu Ndiye Chingwa Choupenyu – ngatidyei maari zuva rimwe nerimwe sevana vaSiraeri mukudya kwavo manna murenje, kwete muzvatakajairira [kuwana] kana zvatinowana. Kristu ngavarambe vachiva zvose zvose

kwatiri – ropa rake rive iro rugare rwedu, kumiririra kwake kuve iko kunyaradzwa kwedu, Shoko rake rive iro munongedzero wedu; nyasha dzake rova iro simba redu, tsitsi dzake dzive [rubatsiro] rutsigiro rwedu; kudzoka kwake rwepiri nokuchimbidza kuchivawo tariro yedu. Vamwe ngavapedze zvavo mukuverenga angave mabhuku matsva, kana vachida, asi isu ngatidzidzirei [nezva] Kristu.

Tinoziva zvisomanana pamusoro paKristu soMuponisi wedu, asika [mukusamutsvaga kwedu] tinoonazve zvisomananisa kuzadzikiswa kwose kuri maari! Ndinzwei vehama, kana tikaona makomborero akazara oruregerero rusina muripo kuri maari tingava vakashandurwa. Uyo anonzwa ropa rokuregerero richizorwa pamunzwandega wake, anonzwawo mufaro pamusoro pechivimbiso chokusukwa neiri ropa, uye uyo akagashirwa noMudiwa Wedu – uyu munhu ndiye achava mutsvene zvachose, uye uyu munhu ndiye achabereka michero yakawanda. Achashanda nomufaro, agotambudzika asi anomwoyo murefu, achapupura asingatyi, uye acharatidza rudo kuvamwe nounyoro. Ruponiso runogara ruri rumbishi mundangariro dzake uye mupfungwa dzake muchava neuyu mufungo, “*Ndingaripira seiko Jehovha pamusoro pokunaka kwake kwose kwandiri?*” (MaPisarema 116:12).

Vadikanwa ngatinamatirane naKristu. Ngatiswederei paMuchinjikwa. Ngatigarei saMarita patsoka dzaJesusu. Ngatinwei kubva kumweya wavapositora, uyo akati “*kwandiri kurarama ndiKristu*” (VaFiripi 1:21). Tikaita zvose izvi, tichakura pamweya.

Chivi Nokudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu (VaRoma 6:23). Asika chinhu chinofadza zvikuru ndechokuti Jesu akaripira charango ichocho chokufa pamuchinjikwa; “*namavanga ake takaporeswa*” (Isaya 53:5), naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi nhasi (VaRoma 6:11-14); kano tikareurura zvivi zvedu nokurevesa uye tikagamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa. Ishe Jesu basa rose vakapedza, mashoko avo okuguma aniti “*Zvapera*” (Mabasa 2:38-39; VaRoma 10:9-10).

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira norufu. “*Nokuti vose vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwaMwari.*” Zvakare, “*Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu*” (VaRoma 6:23; 3:23).

2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. Bhabhatidzwa muzita raJesusu kuti ugoregererwa zvivi zvako, uye kuti uogamuchadzwa chipo chomweya Mutsvene. “*Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJhovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakangawira*” (Isaya 55:7; Mabasa 2:39).

3. Mukutenda “*kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutsa kuvakafa*” (1 VaKorinde 15:3-4), vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. “*...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa*” (VaRoma 10:9).

4. “*Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe naMuponisi wako, ramba uchifamba maari*” (VaKorose 2:6). Gara chiverenga Shoko ravo Bhaibheri uye uchitaudzana navo muminamoto.